Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 сональул 4 август Рузман №31 (7792) Газета бахъизе байбихьана 1937 сональул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## ТIадруссунги - ракьазул суал

Итни къоялъ иргадулаб нухальги тIобитIана районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул нухмалъиялда гъоркь росабазул администрациязул бутIрузул данделъи.

Гьенир рорхана ракьул участкабазул генералиял планал рахъиялъул, ракьал территориалиял зонабазде рикьиялъул ва мобильнияб бухьеналдалъун районалъул росаби хьезариялъул суалал.



Районалъул бетIерас данделъи рагьулаго, тIадвуссунги тIоцебе кIвар буссинабуна Сергей Меликовасул районалде гьабураб сапаралде, гьелъул хIасилалда гьаризе хIисабалде росарал хIалтIабазул, хадуб тIадчIей гьабуна ракьазул суал (генералиял планал рахъиялъул, территориалиял зонабазде рикьиялъул) бицана гьеб суалалда сверухъ районалда гьабулеб хIалтIи цIакъго хашаб букIиналъул.

-Нилъеда лъикI лъала росабалъ социалияб кинаб объект базе кканиги, суал нухдаго хутIулеб букIиналъул. Щай? Щайгурелъул, рахъазул документазул иш рукIкIалиде ккезабизе хIаракат нужеца бахъунгутIиялъ. ЦохIо Сильди росдал администрациялъ гурони гьеб суал рагIалде бахьинабун гьечIо, хадусеб гьадинабго данделъиялде гьаб суалги нужеца рукIкIалиде ккезабилин ва гьелде тIаде руссинеги ккеларин ккола. ЦокIалго хIалтIи гьабулеб гьечIин гуро, гьабулеб букIин бихьулеб буго, хIажат буго рагIалде бахьинабизе техинвентаризациялъул «кIудияв» Закария ЖахIпаровасул нухмалъиялда гъоркь. Нилъее хIажат руго мухIканал хIасилал. Гьелъул кIвар бичIчIуларел чагIи нилъ гуро ва нилъеда бичIчIизеги ккола жиндир бихьизабиялда рекъон хIалтIизабулареб, документазде, базаялде босараб ракь бугони, гьеб нилъехъан унебльи ,-ян абуна Шамил ГIумаровас.

Сасикь, Метрада, Хъварщи ва Инхокъвари росабазул администрациязул бутIрул Заур Набигулаевас, ХIусенапанди ГьазимухIамадовас, ГIабдулхабир ГIабдулхабировас ва ГIабдулнасир Хизриевас гьеб рахъалъ гьабулеб жидерго хIалтIулъ дандчIвалел квекIеназул бицана.

Данделъиялда борхараб мобильнияб бухьеналдалъун росаби хьезариялъул суалалда тIасан жидерго пикраби загьир гьаруна Къеди, Сильди, ТIинди росабазул бутIрул ИсмагIил ГIашикъовас, МухIамад НурмухIамадовас ва МухIамадзакир МухIамадовас ва хIукму гьабуна анцIго къойил болжалалда жаниб ТIадинхокъвари росулъ бугеб бухьеналъул вышкаялда сверухъ хIалтIаби рагIалде рахьинаризе.

КIалъазе вахъарав районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расуловас росабазул администрациязул бутIрузде хитIаб гьабуна армиялда тIадаб рагъулаб хъулухъ гьабизе кколел призывникал рахчарулел течIого, ахIиялъул кагътида (повесткаялда) бихьизабураб къоялъ военкоматалде рачIине ккеялъул, рачIинчIого чIани гьезие киса-кибего бугеб квекIеналъул гIолохъабазда ва гьезул умумузда бичIчIизабеян.

-Цоги нухалъ тIадвуссунги абулеб буго, ихдалил призывалъул заманалда гIемерал гIолохъаби рахчун чIанин, хаслихъе букIинесеб призывалде гьел рачIинчIони, уголовнияб дело рагьиялде гIунтIунги, хадусеб гIумрудулъ гьезие квекIенал гIемерал рукIин бичIчIизабе,-ян ахир лъуна рагъулав комиссарас жиндирго цевехьиналъе.

Данделъиялъул ахиралда Шамил ГIумаровас абуна республикаялъул БетIерас профилальулал министерствабазе нилъер районалда гьаризе кколел хIалтIабазда хурхун къурал тIадкъаял тIураялда хадуб жиндир битIахъегояб халкквей-бербалагьи букIине бугилан ва гьаризе хIисабалде росарал хIалтIабигун тIуразе кколел суалал жеги гIемер ругилан.

**Хадижат Залимханова**

**P.S.** Данделъиялъул бицунаго, бокьун буго цо дирго пикруги загьир гьабизе гьенир рорхарал суалазда хурхарал. Районалда гьарурал ва гьаризе хIисабалде росарал хIалтIаби гIемер руго. Гьел гьариялъул хIасилалда ккарал хиса-басиялги нилъеда къойил рихьулелги руго. Амма, дун редакциялде хIалтIизе ячIарал тIоцересел къоязго гIадин (24-25 соналъ цебе), жакъаги камун гьечIо лъикIаб рахьалдехун ккарал хIасилал рихьичIого рукIинелъун гьезда аскIосан унаго beралги къанщун чIолелги, ай, гали бахъа-бахъаралъуб жидерго разилъунгутIи загьир гьабун, социалиял гьиназда нилъго нилъецаго какун, къватIир чIвазарулелги. Мисалалъе босани, аскIобго рощнокъали букIаниги, нухбакьулъе ришни балесда рагIи абичIого, гьелда тIадги рекьон, тIалъи какулел. Дир рокьоб гIадлунизам, рацIцIалъи чIезабизе мадугьалищ вачIине кколев, яги ахIиги бахъинабун, доба Болъихъан, ГIахьвахъан тIадтел-хIакимищ? Щай дирго рокьоб рацIцIалъи чIезабичIого, дун цогидазда гаргазе кколей яги «цIакъго дидахун ракIунтараз» сверухълъиялдаго «зурма пучIого», гьаб иш гьадин данде кколарин, доле рощнокъали, добе жанибе бай гьеб чорокльиян абулареб?

Щай дир яги цо хIакимасул бихьараб мекъабтIекъаб иш аскIореги рачIун, бадибе рагIи абулареб, ритIизаруларел, гьечIел бугьтаналги лъун къватIиб чIвазабичIого?!

Щай бихьулареб сундулъго квешлъи гурони, лъикIаб рахъ?!

Щай тIад хIучал цIалел нилъер сахаватал гIолохъабаз анцI-анцI ва нус-нус миллионазе гьарурал-щинал хIалтIабазда, кигIанго берцин гьел гьалбадерида рихьаниги?!

ГIарзахъдизе, халкъалъул цIаралдаса «цевехьанлъи» гьабизе бокьарал гIемерлъун ругин кколеб буго: лъикIалда тIаде юргъанги бачун, гьеби бахчун, гьечIел гIузраби ратизеги, бугьтанал лъезеги гIедегIулел руго.

Цоги буго дир гIемерал соназ диего къолеб суал: -Щай нилъеда ГIабдурахIман Камилов, Сажид Сажидов, ХIабиб НурмухIамадов, Шамил Зауров, КъурбанхIажи ГIумаров, АхIмадгун МухIамадзагьид Давудовал ва гIемерал цогидалги сахаватал гIолохъаби нилъее кинабго хIадурун подносалда къезе тIадаллъун рихьулел? Гьаваялдасанги босун къолеб гуро гьеб суал бугеб, гIемеразулгун ккарал гара-чIвариялдаса гьабураб хIасил буго.

Гуро, гьел нилъее налъулал гьечIо. Гьелъул гIаксалда, доздаги релъльун, цодагьабниги хIаракат бахъизе ккела кумекалъулаб квер бегьизе хIажаталъубе, берцинаб каламалдалъунгIаги ракI батулеб рагIи абизе.

Цоцалъ жахIда-хIусудалда рукIинчIого, рачIа гьединал сахаватал гIолохъаби цIикIкIаги нилъеесян дугIаги гьабун, росдал бегавуласдагун имамасда хадурги лъугьун (кигIанго бокьичIониги, гьеби унтараб суал буго-кIиго фронт), бегьараб лъикIлъи-кумек росдаеги районалъеги гьабиялда тIад ургьизе ва хIалтIизе. Гьедин хIалтIулезул ишги рагIиги цебе бильлъунеблъи бихьулеб буго, иргадулаб нухальги гьелъие нугIлъи гьабуна гьал къояз районалъул чаналиго росулъе гьабураб нижер сапаралъги.

Хабарал лъикIал рагIаги.

## Министр лъукъарасухъе щвана



Дагъал цере къояз Владикавказалъул госпиталалда рагъда щварал ругънал сах гьарулев вугев, Украиналда тIобитIулеб хасаб операциялъул гIахьалчи МахIмуд Ибрагьимовасухъе щвана Дагъистан республикаялъул физкультураялъулгун спорталъул министр Сажид Сажидов.

Гьес цIехана рагъухъанасул сахлъиялъул, къваригIараб-таралъул, бихьараб къоялъул, гьарана сах-саламатго гIагарлъиялъухъе тIадвуссине.

-Нилъер хIинкъи гьечIолъи цIуниялъе гIоло, къварилъи захIмалъи бачун, ВатIан цIунулезе районалъул рахьалдаса баркала буго. Нужер щибав мустахIикъав вуго гIун бачIунеб гIелалъ жидедасан мисал босизе-ян абуна Сажид Сажидовас.

## Министрасул сайигъат-эчедисезе

Ахирал соназ цIикIкIунеб буго районалда спорталдехун рокьи бугел гIолохъабазул къадар, гьездаго гьорлъ нижер эчедисезулги.



ЦикIкIунеб буго росулел бергьенлъабазул къадаралдаго цадахъ цIицIиял цIаразул сияхIги, батIи-батIиял даражабазул медалалзул зваргьиялъул гьаракьги. Гьеби хIисабалде босун, росульги лъималазе ругьунлъабазе шартIал гIуцIиялъе кумек ва сайгъат хIисабалда Дагъистан республикаялъул физкультураялъулгун спорталъул министр Сажид Сажидовас эчедисезе бачIана спортивияб ургу (мат). Спорт бокьулел эчедисезул рохалие гIорхьи гьечIо ва нижеца ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго Сажидие гьеб къиматаб сайигъаталъухъ.

Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги дудаса, Сажид Сажидов.

**ГIабдурахIман Шагьрудинов,** тренер

Сапарал, дандчIваял

# Лъайкьеялъул министр - районалда

26 июлалда хIалтIулаб сапаргун районалда щвана Дагъистан республикаялъул лъайкьеялъулгун гIелмуялъул министр ЯхIя Бучаев сапар бу-хьиялъул аслияб гIилла букIана муниципалитеталда ралел ругел, цIияб цIалул соналде рагьизе кколел лъайкьеялъул объектазухъ халгьаби. Гьедин, районалъул нухмалъигун ца-дахъ министр щвана Гьигьалъ, КIванада ва ТIисси росабалъ ралел цIияй школазде, Агъва-ли гимназиялдегун Гъоркь-гьаквари, ТIинди школазде ва ТIинди цIибараб лъималазул ахалдеги. Гьес хал гьабуна ран лъугIунел цIияй школазда гьабулеб хIалтIул ва цIалдохъабазе гIуцIун ругел шартIазул.



Гьединго министр дандчIвана районалъул лъайкьеялъул учреждениябазул нухмалъулелгунги.

Бицана школал цIалул тIахьаздалъун хьезариялъул, материалиябгун-техникияб база школазда цебетIезабизе ккеялъул, цIалулъ цIияй раккарал къагIидаби хIалтIизариялъул ва учительзабазе хIалтIухъ кьолеб мухьалъул.

ХIалтIулаб сапаралъул хIасилал рачунаго, министрас гIунгутIаби ратараб чаналиго школа капиталияб ремонт гьабиялъул программаялда бачине тIадкъаял кьуна.

Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ

# Росдае сайигъат - вышка



Дагъал цере къояз Гьимерсо росулъа КъурбанхIажи ГIумаровасул жиндирго гьудул-гьалмагъзабигун дандги бан, пикру ккана мобильнияб бухьеналъул вышка росулъ лъезе. Гьелъие хIажатаб къайиги босун, вышка эхетизабуна «Гьимерсохъала» абулеб бакIалда.

Киназдаго лъала, КъурбанхIажи ккола социалиябгун-экономикияб рахъ районалда цебетIеялъе ва халкъалъе санагIатал шартIал гIуцIиялъе квербакъулев меценатазул цояв.

«Дир хьул буго Гьимерсохъалаялда лъураб мобильнияб бухьеналъул вышкаялъул кумекалдалъун, КIванада ва аскIор ругел росабалъ мобильнияб бухьеналъул даража лъикIлъилин, гьелъул дагьабниги пайда-хайир халкъалъе букIинин»,-ан абуна гьес.

Районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна КъурбанхIажи ГIумаровасе районалъе кIвар бугел проектазулъ гьабулеб кидагосеб жиграб гIахьаллъиялъухъ.

# Рагъулал къотIи-къаязул бицана

Болъихъ районалде хIалтIулаб сапаргун щвана Республикаялъул хIинкъи гьечIольиялъул Советалъул секретарь МухIамад Баачилов. Гьев дандчIвана Болъихъ районалъул бетIер Руслан ХIамзатовгун, ГIахьвахъ, ЦIунтIа ва нилъер районазул бутIрузул заместителалгун ва рагъулал комиссаралгун.

Данделъиялда бицана къотIи-къаялда рекъон рагъулаб хъулухъ тIубалезул (контрактниказул) резерв гIуцIиялъул, хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хьизамазе кумек гьабизе ккеялъул, районазда СВОялъул гIахьалчагIазул хIурматалда «ракIалде щвеялъул ахал» чIеялъул.

-Рагъулаб къотIи-къай (контракт) хъваразе ругел шартIазул, социалиял бигьалъабазул, гIарцулал харжазул баян халкъалъе кьезе ккола,-ян абуна МухIамад Баачиловас.

Данделъиялда рагъулаб хъулухъ гьабизе гIолилал ахIиялъул ихдалилаб компаниялъул хIасилал рачунаго, гьединго бихьизабуна тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазе унел гIолилал Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб тадбиралде ва гьелда гIагарда ругел регионазде ритIизе гьечIин.

Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ

ГIадамал, нухал, транспорт

# Нухал къачIалел руго

### АГЪВАЛИ-КИДЕРО

Дагъал цере къояз байбихьана Агъвали-Шаури-Кидеро шагъранух къачIаялъул хIалтIаби. Гьел гьарулел руго «БакIал раялъулгун



къачIаялъул идара» акционерияб обществоялъул «ЦIумада» филиалалъул нухмалъулев АхIмад Давудовасул нухмалъиялда гьоркь. Гьесул рагIабазда рекъон, хIалтIаби тIад ран унел руго бихьизабураб графикалда рекъон, ва 31 км. манзилалъул нух къачIан пайда босизе буго моцIрол болжалалда жаниб.

Гьесул рагIабазда рекъон, «Дорстройсервис» гIуцIи бетIергьанаб хас гьабураб бакIаб техника гьениб хIалтIулеб букIиналъ, нух тIадегIанаб даражаялда къачIазе рес щолеб буго. Нух къачIан бахъиналъ рес кьезе буго автотранспорт ва гIадамал хIинкъи гьечIого хьвадиялъе цIикIкIараб къадар нухлулазул (транспорталда ругел) щибго квал-квал гьечIого, санагIалъиялда щолелъуре щвезе.

### ИНХОКЪВАРИ

Дагъал цере къояз рарал чвахунцIадазул хIасилалда, Хонохъ магIарде рахине щварал туристал хутIана Инхокъвариса бачIараб хIарияль нухалги къан. Гьенибе битIана техника ва тIабигIаталъул «асирлъуде» ккарал гьалбал «хвасар гьаруна». Гьединго нухал хвезаруна КIванкьада, Санкьада ва ТIадинхокъвари росабалъе, Гъоркьинхокъвари хвезабуна лъел мухь, даруяб регьадул ищцде унел нухал.

Росдал бегавул ГIабдулнасир Хизриевасул рагIабазда рекъон, нухал рацIцIад гьариялда ва къачIаялда тIад хIалтIаби байбихьизехьин руго. Гьес баркала загьир гьабулеб буго районалъул бетIер Шамил ГIумаровасе ва нухазул идараялъул нухмалъулев АхIмад Давудовасе ахIи барабго хIалае рахъиналъухъ - туристал «эркен гьаризе»



трактор битIиялъухъ.

-Соляркаги буго гIураб къадаралда ва ТIадинхокъвари вышкаялде щвезегIан нухал къачIаялдаса байбихьизе руго администрациялъул цогидал росабалъеги хIалтIаби. Гъоркьинхокъвари цIадаз хвезабураб лъелмухъалъул суал роцIцIинабуна,-ян бицана бегавулас. -Божи буго квал-квал ккечIого, нухазул ва вышкаялъул суал гIагарал къояз тIубалин.

Заур Бадрудинов

**Поэзия**

## Бищун дунялалда дуй бокьулеб жо

Бищун дунялалда дуй бокьулеб жо
Щибилан гьикъани гьабсагІаталда
Дица жаваб кьела дир эбелилан
Гьелъул сахлъи, рохел даимлъийилан.

Цингиги щибилан дуе бокьулеб
Суал дие кьуни, абила дица
Эбелалъул дугІа, рокьи даимлъи
Дару бугин дие дир гІумруялда.

Эбелалъ абураб гьуинаб рагІи
РагІизе бокьила кидаго дие.
Кьаси моцІ гІадинаб роцІцІараб гьумер,
Гьимула бихьизе бокьула дие

Эбел, тІаса лъугьа мун нижедаса
ГьалатІал ккечІого ниж рукІунаро.
Мун йиго цІураб моцІ ва гвангъараб бакъ
Бичасул нухалда ниж тІоритІарай.

Дуе гьари буго, хирияй эбел,
Халатаб гІумругун щулияб сахлъи.
БацІцІадаб, роцІцІараб хьахІилаб зобги
Разилъи дур бугеб лъимал хьизанги.

ГІела, эбел, дуе гІакъуба гІазаб
Сабабалъе ниж ккун дуда бихьараб.
Бегьиларо дуе кьварилъахъдизе
Къадар сунда бугеб нилъей лъаларо

**МухІамадхІабиб Саадуев,** Сасикь росу

## Доб дунялалде кагъат…

**Рохьилазул квердасан накълулъарав ГІумарил вас Абусупян ракІалде щун.**

Нухлулав, лъалхъе мун, адаб тун унге,
Аллагьасул къадар гІаммаб лъиего.
Сон нилъгун рукІарал «сапаралъ» арал,
Абадияб рокьор кьо-лъикІ гьабурал…

Дур борхатаб зани Зугьрагун цадахъ,
Гьавураб сон хьвараб, араб сон хьвараб.
Хабада кІусизе вакке, МухІамад,
Хириял кьояца кьулгьу гьабизе…

Лъилго бадиб кьараб «сачок» цІар тараб,
Социологлъунги ГІабдула тана.
Добго дунял буго, дарсалги кьола,
Данде жаваб гьечІеб кьиматги лъола…

Коммунальниялъул гІарцуда хадур,
ГІарзахъдилел руго мугІалимзаби…
Бащадаб группа «кьокълъизе» гьабун
Кьоял инарулев дунгоги вуго…

Гьаб гІинда багъулеб цІурмил гьаракьалъ,
ЦІидасан дарсиде вуго ахІулев.
БачІунеб харжалъул хиялаз гуккун,
Херлъи кІочон тараб, баркаман дунял.

Каваби кьан руго, кьватІив чи гьечІо,
Кьо-лъикІ гьабун нахъе гочана лъимал.
Дандияб биларaб мугІрул чан гІадин,
Чиякьго Садрудин сверулев вуго…

Мун гьечІеб кьавулъе кьанагІат щолев,
Кьваридго вихьула вац МухІамадги…

Дур цІар бахъарабго, цІадлъунги чвахун,
Щорораб рукь гІадин, Салтанат йиго…

РикІкІад Сибиралда сабруги гьабун,
Салам дихь битІулев Зауpги вуго.
Дур пикраби гьарун, ургьелаз кІвекІун,
Унти ккун, ХІайбатги хІайранго йиго…

Жакъа дур рукьалъул кьан руго нуцІби,
КьватІив инсан гьечІо салам гьабизе…
Рагьухъе рукІунел маххул каваби,
Кирит бан, щулаго эхетун руго…

Дун божулев гьечІо, хирияв гьудул,
Хирияб Рамазан моцІалъул сардилъ
Дуе суд гьабизе, сурав босизе
Сардилъ щай рачІунел ярагьги борчун?

РакІ гьолареб дунял, гьибат цІикІкІараб,
Хваразухъ урхьараб, ургьелаз цІураб,
Гьаб гьайбатаб дунял, бихьизе кьураб,
Халатаб хьулаца нилъго гуккизе.

Заназул рохьосан ургьел гьечІого,
Унге мун, нухлулав, лъалхъе лахІзаталъ:
«Сон дунги вукІана жакъа мун гІадин,
Метер мун вукІина жакъа дун гІадин»…

**(Долдаса нахъе араб 10 сонида жаниб цоцоял абадиялъего камуна, амма гІузраби долго хутІана)**

**ГІабдула Зубаиров,** Хуштада росу

## ОГЬ, ЗАМАНА!

Огь замана, замана,
БачІун буго замана.
Тохтурзаби гІемераб,
ГІузрабиги цІикІкІараб.

МоцІроде чи воржараб,
Мадугьал кІочон тараб.
Бечельи гьарзалъиялъ,
РакІазул рахІат хвараб.

Щаларал гІемерлъараб,
ХІалбихьи жидер дагьаб.
ГІакълу бугел цІикІкІараб,
ГІакьиллъи дагьлъун ккараб.

Гьоболлъухье щолареб,
РакІ жубазе кІолареб.
Бечельи цІикІкІанагІан,
Чи хьарсинлъун лъугьунеб.

РакІ ганчІиде свераpaб,
Гьудул - гьалмагъ лъалареб.
ГІумруялда кинабго
ГІарцудальун борцунеб.

ГІаданлъигун яхІ - намус,
Меседалъухъ бичулеб.
Рукъзал гІатІидал рараб,
ГІаданлъи учузлъараб.

Учузал гІадамазухъ
ТІалъи кодобе щвараб.
Алжан - жужахІ бикьулел
«ГІалимзаби» цІикІкІараб

Аллагь, дуда гьарула
Гьаб квешаб заманалда
Мун вокьи цІикІкІинабун,
Щуне квешлъиялдасан.

**МухІамад Коратов,**
ТІинди росу

## РакІалдаги черхалъги чІегІер бан, чІужугІадан...

РакІалдаги черхалъги чІегІер бан, чІужугІадан,
ГьедигІан пашманго мун щай йигебали бице.
Херлъиялъ кквечІеб дур мугъ щай гІодобе къулараб?
РукІкІалабици хьвачІеб, щай дур гьумер кьерхараб?

-ХІехьечІого рес гьечІеб, черхги ракІги бухІулеб,
Унтиги диде рехун, ана дир вас ВатІан тун.
Гьесдаго хадуй яхьун, балъго лъималги рачун,
ГІажалалда кьвал базе кьокъана гьесул лъади.

Лъимлъун магІу тІуниги, тІаде руссунарелъуб
Хирияб хьизан индал, дун пашман ймкІинарищ?
Хобалцин лъаларелъур дир лъимал гІедегІидал,
ГІелищ магІу тІечІого, кинан дир ракІ чучинеб?

Чирахъ баккананиги, канлъиги гІолеб гьечІо,
канаб дуниялги дий чІагого хоблъун буго.
Вас гьечІеб гІумру дие хІажат букІинчІониги,
Кьураб кьо тІагІинегІан, тун йиго БетІергьанас...

Гьадинан улбулги тун, щайдай ВатІан рехулеб?!
Бокьунго гІажал боси, гІассилъи гурищ кколеб?
ГІин тІаме назмуялда, нахъе толезда гурхІа,
ВатІаналъ гІадин кьабул нилъ кирго гьаруларин.

**Загьрат МухІамадова,** Инхокьвари росу

**10 сентября 2023 года - дополнительные выборы депутатов МО «сельсовет Гадиринский» четвертого созыва МО «Сельсовет Гадиринский» Цумадинского района УИК Избирательного участка №1710**

## Решение № 9

**от 27 июля 2023 г.** **с. Гадири**

О регистрации кандидатов в депутаты Собрания депутатов МО «сельсовет Гадиринский» четвертого созыва по единому мажоритарному избирательному округу по выборам депутатов представительного органа МО «сельсовет Гадиринский»

Проверив соответствие порядка выдвижения и необходимые для регистрации кандидатов документы требованиям закона Республики Дагестан «О муниципальных выборах в Республике Дагестан, в соответствии с пунктом 3 статьи 35.I Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», участковая избирательная комиссия избирательного участка №1710 на которую возложены полномочия по подготовке и проведению выборов в органы местного самоуправления на территории МО «сельсовет Гадиринский» **решает:**

I.Зарегистрировать кандидатами в депутаты Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Гадиринский» четвертого созыва по единому мажоритарному избирательному округу по выборам депутатов представительного органа МО «сельсовет Гадиринский следующих лиц:

1.Гитинов Магомед Шахрунабиевич, 04.01.1992 г/р, образование - среднее профессиональное, временно неработающий, место жительства - РД, Цумадинский район, село Гадири, субъект выдвижения - Цумадинское местное отделение Дагестанского регионального отделения Всероссийской политической партии «Единая Россия»;

2. Магомедов Гамзат Пайзулаевич, 20.01.1967 г/р, образование - среднее общее, временно неработающий, место жительства - РД, Цумадинский район, село Агвали, субъект выдвижения - самовыдвижение;

3. Магомедов Магомед Вахидович, 05.01.1962 г/р, образование - среднее профессиональное, временно неработающий, место жительства - РД, Цумадинский район, село Гадири, субъект выдвижения - Цумадинское местное отделение Дагестанского регионального отделения Всероссийской политической партии «Единая Россия»;

4. Магомедрасулов Магомед Лабазанович, 20.10.1964 г/р, образование - среднее общее, временно неработающий, место жительства - РД, Цумадинский район, село Агвали, ул. Имама Шамиля д.27, субъект выдвижения - Региональное отделение Социалистической политической партии «Справедливая Россия - Патриоты - За правду» в Республике Дагестан;

5. Мусаев Магомед Микович, 24.12.1991 г/р, образование - среднее общее, временно неработающий, место жительства - Республика Дагестан, Цумадинский район, село Гадири, субъект выдвижения - Цумадинское местное отделение Дагестанского регионального отделения Всероссийской политической партии «Единая Россия».

II. Выдать кандидатам удостоверение о регистрации установленного образца.

III. Информацию о зарегистрированных кандидатах довести до сведения избирателей.

IV. Контроль за исполнением настоящего решения возложить на председателя УИК №1710 Магомедовой Р.М.

**Председатель УИК №1710** **Р. М. Магомедова**

**Секретарь УИК №1710** **У. Д. Магомедова**

## Своевременная оплата за газ – обязанность каждого потребителя

Поставщик газа на территории Республики Дагестан – «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает, что оплату за потребленный газ необходимо производить до 10 числа каждого месяца.

Потребителям, имеющим задолженность за потреблённый газ, необходимо срочно погасить её!




Заплатить за газ без комиссии и очередей, можно дистанционно, используя онлайн сервисы в «Личном кабинете абонента» на сайте www.mkala-mrg.ru или скачав мобильное приложение «Газ ОНЛАЙН» или «Мой ГАЗ» на смартфон.

В «Личном кабинете абонента» содержится информация о предыдущих платежах абонента, а также указана сумма задолженности за газ.

Уважаемые абоненты! Не копите долги и совершайте все расчёты вовремя!

По всем спорным вопросам расчётов за газ звонить в рабочее время в «Контакт-центр» ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» - по бесплатному номеру 8 800 200 98 04.

## Военком разъясняет

### Уважаемые цумадинцы!

Военный комиссариат Цумадинского района обращает Ваше внимание на положения статьи 3I Федерального Закона I998г. №53-ФЗ, обязывающий гражданина в двухнедельный срок со дня начала осеннего периода проведения призыва на военную службу, лично явиться в военный комиссариат для сверки данных воинского учета.

**Статья 31 ФЗ 1998 г.** «Обязанности граждан, подлежащих призыву на военную службу».

1.Граждане, не пребывающие в запасе, подлежащие призыву на военную службу, обязаны явиться в указанные в повестке военного комиссариата время и место на медицинское освидетельствование и профессиональный психологический отбор, заседание призывной комиссии или для отправки в воинскую часть для прохождения военной службы, а также находиться в военном комиссариате до начала военной службы.

**2.**Граждане, подлежащие призыву на военную службу, обязаны получать повестки. Повестки указанным гражданам направляются в письменной форме и дублируются в электронной форме. В повестках должны быть указаны правовые последствия невыполнения гражданами изложенных в них требований.

Граждане, подлежащие призыву на военную службу, обязаны получать повестки военного комиссариата в письменной форме под расписку. Повестки направляются военным комиссариатом указанным гражданам по почте заказным письмом с уведомлением о вручении по адресу места жительства или места пребывания либо вручаются гражданам работниками военного комиссариата или по месту работы (учебы) гражданина руководителями или другими ответственными за военно-учетную работу должностными лицами (работниками) организаций лично.

Повестки военного комиссариата, направленные в письменной форме по почте гражданам, подлежащим призыву на военную службу, считаются врученными под расписку в день доставки (вручения) соответствующих заказных писем указанным гражданам при наличии в уведомлении о вручении заказного письма отметки организации почтовой связи о доставке (вручении) заказного письма гражданину.

Повестка в электронной форме направляется гражданину, подлежащему призыву на военную службу, в порядке и способами, которые установлены Правительством Российской Федерации, и считается врученной с момента ее размещения в личном кабинете гражданина на соответствующем информационном ресурсе, в информационной системе.

В случае, если повестка не считается врученной одним из способов, указанных в абзацах первом - четвертом настоящего пункта, повестка считается врученной по истечении семи дней с даты ее размещения в Реестре повесток.

2.1**.** Гражданин, подлежащий призыву на военную службу, получивший повестку военного комиссариата после указанной в ней даты явки, в двухнедельный срок со дня получения повестки обязан сообщить об этом лично, явившись в военный комиссариат, либо через Портал государственных и муниципальных услуг (функций).

Гражданин, подлежащий призыву на военную службу (за исключением граждан, указанных в пункте 2 статьи 22 настоящего Федерального закона), не получивший повестку военного комиссариата в период проведения призыва на военную службу, установленный настоящим Федеральным Законом в двухнедельный срок со дня начала следующего периода проведения призыва на военную службу, установленного для него настоящим Федеральным Законом, обязан лично явиться в военный комиссариат для сверки данных воинского учета.

2.2. Гражданину, подлежащему призыву на военную службу, повестка военного комиссариата может быть вручена непосредственно в военном комиссариате под роспись, а также направлена в электронной форме.

В случае, если гражданин отказался от получения повестки военного комиссариата, направленной по почте, или от ее личного вручения, повестка гражданину считается врученной в день такого отказа. При этом отказ гражданина от получения повестки, направленной по почте, фиксируется в соответствии с правилами, утвержденными уполномоченным Правительством Российской Федерации федеральным органом исполнительной власти, а отказ гражданина от вручения повестки работники военного комиссариата или по месту работы (учебы) гражданина руководителями или другими ответственными за военно-учетную работу должностными лицами (работниками) организаций фиксируется путем проставления на повестке указанными работниками, руководителями или должностными лицами отметки, содержащей дату отказа, должность, подпись, инициалы и фамилию лица, вручавшего гражданину повестку, а также подписи, инициалы и фамилии присутствовавших при этом лиц.

2.3. Граждане, подлежащие призыву на военную службу, выезжающие в период проведения призыва на срок более трех месяцев с места жительства или места пребывания, в том числе не подтвержденные регистрацией по месту жительства и (или) месту пребывания, обязаны сообщить об этом, лично явившись в военный комиссариат либо в местную администрацию соответствующего поселения муниципального округа, осуществляющую первичный воинский учет.

**Магомедрасул Расулов,** военный комиссар района

## Макъсудов МухIамад



Райадминистрациялъул аппаратальалъул, районалъул Собраниялъул, рагъулаб комиссариаталъул, жанисел ишазул отделалъул, районалъул культураялъул управлениялъул ва райбольницаялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго МухIамад ва Багьжат Макъсудовазда ва тIолабго гIагарлъиялда гьезул хирияв вас

**Макъсудов МухIамад,**

Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Араб соналъул сентябрь моцIалда районалдаса рагъулаб хъулухъ гьабизе ахIарал гIолохъабигун цадахъ ана МухIамадги Украиналде.

Гьев бахIарчилъиялда вагъулев вукIана ВатIан цIунулаго, бахIарчилъиялда хвезеги хвана, гьев ва гьесул хвел гьечIел гьунарал абадиялъго нилъер ракIазулъ хутIила.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хьизаналъе ва гIагарлъиялъе сабру кьеги.

## Эркенаб гугари

### ЦIумадисел - пьедесталъул тIогьир

27-28 июлалда Осетиялъул тахшагьар Владикавказалда тIобитIана «Гъудуллъиялъул



кубок» абураб халкъазда гьоркьосеб эркенаб гугариялъул рахъалъ турнир.

Нилъер районалъул речIчIухъабаз гьенир рихьизаруна лъикIал хIасилал. Хъварщиса АхIмад Идрисовас 61 кг. цIайиялда ккуна тIоцебесеб бакI, кIиабилеб бакIалде ккана Метрадаса Башир МухIамадов (61 кг.), Инхокъвариса Аманула ХIажимухIамадов (85 кг.), лъабабилеб бакIалъе мустахIикъълана Хуштадаса ГIумар Зияутдинов (90 кг.) ва КIванадаса Шамил Мусаев (97 кг.).

Баркула киназдаго щварал бергьенлъаби.

. . . . . . . . . . .

29 июлалда Владикавказалда тIобитIана Дунялалдаго махщел цIикIкIарал гугарухъаби гIахьаллъарал эркенаб гу-



гариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб турнир «Лига Поддубного-2023».

Гьенир гIахьаллъарал нилъер гугарухъабаз иргадулаб нухалъги рихьизаруна лъикIал хIасилал.

Меседил медал щвана ТIиссиса ГIабасхIажи (61 кг.) финалалда гьев бергьана Туркав Эмрах Орманоглу 12:2.

79 кг. цIайиялда тIоцебесеб



бакI щвана Акнадаса АхIмад ГIусмановасе. Гьев бергьана Македониялъул речIчIухъан АхIмад МухIамадовасдаса 6:0 хIасилгун. Баркула гьезда щварал бергьенлъаби гьарула хадубккунги жеги лъикIал хIасилал.

## К сведению населения

**Уважаемые читатели райгазеты!**

Ботлихский филиал ТФОМС РД информирует о важности диспансерного наблюдения

Диспансерное наблюдение, наряду с диспансеризацией и профилактическими медицинскими осмотрами, проводится для пациентов бесплатно по полису ОМС.

Диспансерное наблюдение -это необходимое периодическое обследование пациентов, страдающих хроническими заболеваниями, а также находящихся в восстановительном периоде после перенесённых острых заболеваний. Оно проводится для своевременного выявления или предупреждения осложнений и обострений заболеваний, их профилактики, а также для эффективной реабилитации после перенесённых недугов.

Диспансерному наблюдению подлежат граждане, стоящие на учёте у медицинского специалиста из-за состояния своего здоровья. На диспансерный учёт ставятся лица:

- с определёнными хроническими заболеваниями;
- с высоким риском развития заболеваний, приводящих к инвалидности и смерти;
- перенёсшие тяжёлые болезни и нуждающиеся в реабилитации;
- страдающие функциональными расстройствами.

ОМС предусматривает для таких больных бесплатные консультации врача, анализы и обследования, амбулаторное и стационарное лечение. При этом медицинский работник обязан информировать граждан, находящихся на учёте, о порядке и периодичности диспансерного наблюдения, а также проводить диспансерный приём на дому, если гражданин не в состоянии сам посетить лечебное учреждение.

Пристальному вниманию врачей подлежат те, кто страдает хроническими неинфекционными заболеваниями, являющимися основной причиной смертности. К этой группе заболеваний относятся болезни системы кровообращения, злокачественные новообразования, сахарный диабет 2-го типа, хронические болезни органов дыхания.

Диспансерное наблюдение осуществляется в поликлинике по месту прикрепления врачом-терапевтом и врачами-специалистами (невролог, кардиолог, гастроэнтеролог, онколог, аллерголог, эндокринолог, акушер-гинеколог, ревматолог, нефролог, пульмонолог и др.), а также фельдшером отделения медицинской профилактики или центра здоровья, фельдшером или акушером фельдшерско-акушерского пункта.

Периодичность диспансерных приёмов зависит от заболевания, которым страдает пациент. В среднем это 2-3 раза в год. Например, пожизненное наблюдение устанавливается при сердечно - сосудистых заболеваниях (периодичность приёма - не реже двух раз в год), при диабете (не реже раза в год), рецидивирующем и хроническом бронхите (раз в год), бронхиальной астме (1-3 раза в год), хронической болезни почек (4 раза в год). Пациентам, страдающим язвой желудка, также пожизненно нужно проходить осмотр раз в полгода, а при язве двенадцатиперстной кишки достаточно наблюдаться раз в год в течение пяти лет с момента последнего обострения..

Своевременно проходите диспансерное наблюдение!

Это поможет избежать обострения и осложнения болезни, улучшить состояние здоровья!

**А. Шапиев,** главный специалист-эксперт

КIванада росдал гьоркьохъеб школалъ 1991 соналъул 25 июналда Гъазиев ХIабиб ГIалисултановичасул цIаралда гьоркьохъеб лъай щвеялъул хIакъалъулъ кьураб №785791 аттестат билун буго.

Гьеб жакъа кьоялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

БетIерав редакторасул ишал тIуралей АхIмадова ХIалимат ХIасбулаевна 2-52-44
Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1295
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru